# QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASINIŃ USAQLAP SATIW TOVAR AYLANISI

*(2019 jıl yanvar-fevral)*

Qaraqalpaqstan Respublikası boyınsha usı jıldıń yanvar-fevral aylarında usaqlap satıw tovar aylanısı 734,6 mlrd.sumdı quradı, ótken jıldıń usı dáwirine salıstırǵanda 9,2 payızǵa ósti. Sonıń ishinde, iri kárxanalardıń tovar aylanısı 110,8 mlrd. sumdı (ósim páti 82,3 %), kishi isbilermenlik sub'ektleriniń tovar aylanısı 623,8 mlrd.sumdı (ósim páti 1,9 %), sonnan, shólkemlespegen sawda tovar aylanısı 35,3 mlrd.sumdı (ótken jıldıń usı dáwirine salıstırǵanda 99,3 %) quradı.

**Rayonlar kesiminde usaqlap satıw tovar aylanısı kólemi (mlrd.sum)**




2018 jıldıń usı dáwirine salıstırǵanda respublikanıń barlıq aymaqlarında usaqlap satıw tovar aylanısınıń ósiw pátleri gúzetilip, sonnan joqarı ósiw pátleri Nókis qalası, Beruniy, Shimbay hám Qońırat rayonlarına tuwra keldi.

## Usaqlap satıw tovar aylanısınıń ósiw pátleri, *(%)*




Usaqlap satıw tovar aylanısı kóleminde úlken úleske iye bolǵan Nókis qalası (31,0 %), Beruniy (10,2 %), Tórtkúl (8,5 %), Xojeli (9,0 %) hám Qońırat (6,7 %) rayonları usaqlap satıw tovar aylanısı ósimine unamlı tásir kórsetti.

Usaqlap satıw tovar aylanısı kóleminde iri kárxanalardıń tovar aylanısınıń kólemi ótken jıldıń usı dáwirine salıstırǵanda 82,3 % ǵa ósti hám 110,8 mlrd.sumdı quradı. Bul ulıwma usaqlap satıw kóleminiń 15,1 %ına tuwra keledi.

Kishi isbilermenlik sub'ektleriniń usaqlap satıw tovar aylanısı kólemi statistikalıq yesap-kitaplarǵa kóre 623,8 mlrd.sumdı qurap, 2018 jıldıń yanvar-fevral aylarına salıstırǵanda 1,9 % ǵa ósti. Respublika kóleminde usı sektordıń jámi usaqlap satıw tovar aylanısındaǵı úlesi 84,9 %ǵa teń kelmekte.

## Usaqlap satıw tovar aylanısı quramı, *(%)*




## Usaqlap satıw sawda aylanısında iri kárxanalar hám kishi isbilermenliktiń úlesi, *(%)*



Analiz nátiyjelerine kóre, usaqlap satıw tovar aylanısında kishi isbilermenlik sub’ektleriniń úlesi boyınsha Qanlıkól (99,6%), Qaraózek (99,5%), Kegeyli (99,5%), Nókis (99,2%) hám Taxtakópir (99,0%) rayonları jetekshilik qılmaqta.

Usaqlap satıw tovar aylanısı quramında iri kárxanalardıń úlesi 15,1 % dı qurap, eń joqarı úles Nókis qalasında (38,8%), Taqıyatas (19,8%) hám Tórtkúl (10,0%) rayonlarında gúzetilgen.

**Kishi isbilermenlik hám iri kárxanalardıń usaqlap satıw tovar aylanısındağı kólemi**

| | **Iri kárxanalar** (mln.sum) | **Ótken jıldıń usı dáwirine salıstırǵanda, %da** | **Kishi isbilermenlik** (mln.sum) | **Ótken jıldıń usı dáwirine salıstırǵanda, %da** |
|---|---|---|---|---|
| **Qaraqalpaqstan Respublikası** | **110 763,8** | **182,3** | **623 807,3** | **101,9** |
| *rayonlar:* | | | | |
| Ámiwdárya | 2 842,3 | 102,9 | 45 904,7 | 105,6 |
| Beruniy | 1 720,4 | 147,2 | 73 086,6 | 106,7 |
| Qanlıkól | 74,7 | 4,8 e. | 18 784,5 | 105,1 |
| Qaraózek | 123,6 | 72,4 | 24 272,3 | 105,5 |
| Kegeyli | 106,6 | 1,8 | 21 120,7 | 144,9 |
| Qońırat | 2 284,7 | 3,9 e. | 46 853,6 | 102,3 |
| Moynaq | 135,3 | 136,7 | 4 885,0 | 103,1 |
| Nókis | 119,0 | 99,8 | 14 316,1 | 104,9 |
| Taqıyatas | 3 414,7 | 84,2 | 13 847,6 | 110,7 |
| Taxtakópir | 179,1 | 106,7 | 18 638,3 | 104,6 |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| Tórtkúl | 6 278,6 | 103,6 | 56 294,0 | 105,2 |
| Xojeli | 1 687,9 | 4,0 e. | 64 378,6 | 103,3 |
| Shımbay | 2 370,5 | 9,1 e. | 25 724,4 | 101,4 |
| Shomanay | 197,6 | 2,9 e. | 15 142,3 | 104,3 |
| Ellikqala | 957,5 | 10,6 e. | 41 323,8 | 103,2 |
| Nókis q. | 88 271,2 | 2,3 e. | 139 234,9 | 90,1 |

2019 jıl yanvar-fevral aylarında usaqlap satıw tovar aylanısı respublika boyınsha xalıq jan basına 395,8 mıń sumdı qurap, ótken jıldıń usı dáwirine salıstırǵanda 7,6 %ga kóbeygen. Xalıq jan basına usaqlap satıw tovar aylanısı 2019 jıldıń yanvar-fevral aylarında ótken jıldıń usı dáwirine salıstırǵanda respublikamızdıń barlıq rayonlarında ósim guzetilip, eń joqarı kórsetkishler Nókis qalası (726,9 mıń sum), Xojeli (548,7 mıń sum) hám Taxtako`pir (472,8 mıń sum) rayonları yesabına tuwra keledi.

Sonday-aq, xalıq jan basına usaqlap satıw tovar aylanısı boyınsha eń az kórsetkishler Moynaq (161,4 mıń sum), Kegeyli (238,2 mıń sum) hám Taxiatas (238,4 mıń sum) rayonlarında gúzetildi. Usı kórsetkish respublika rayonları kesiminde tómendegishe sáwlelenedi:

## Xalıq jan basına usaqlap satıw tovar aylanısı

| | Mıń sum | Ótken jıldıń usı dáwirine salıstırǵanda, payızda |
|---|---|---|
| **Qaraqalpaqstan Respublikası** | **395,8** | **107,6** |
| *rayonlar:* | | |
| Ámiwdárya | 252,1 | 103,7 |
| Beruniy | 402,6 | 105,3 |
| Qanlıkól | 377,2 | 104,2 |
| Qaraózek | 467,4 | 104,2 |
| Kegeyli | 238,2 | 103,5 |
| Qońırat | 385,1 | 104,6 |
| Moynaq | 161,4 | 102,5 |
| Nókis | 297,0 | 102,9 |
| Taqıyatas | 238,4 | 102,9 |
| Taxtakópir | 472,8 | 104,0 |
| Tórtkúl | 300,4 | 103,2 |
| Xojeli | 548,7 | 104,1 |
| Shımbay | 245,4 | 108,5 |
| Shomanay | 276,9 | 104,2 |
| Ellikqala | 273,8 | 103,3 |
| Nókis q. | 726,9 | 116,2 |

Sonnan, 2019 jıldıń yanvar-fevral ayları dawamında usaqlap satıw tovar aylanısı quramında awqatlanıw kárxanalarınıń sawda aylanısı 3,6 %dı qurap, 26,4 mlrd. sumǵa jetti yaǵnıy ótken jıldıń usı dáwirine salıstırǵanda 3,6 % ósimge erisildi. Bunda jámi sawda aylanısınıń 99,7 %ı kishi isbilermenlik sub'ektleri úlesine tuwrı kelmekte.

## QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASINIŃ KÓTERE SAWDA TOVAR AYLANISI

*(2019 yil yanvar-fevral)*

Jıl basınan respublika boyınsha kótere sawda tovar aylanısı 177,6 mlrd. sumdı quradı hám 2018 jıldıń usı dáwirine salıstırǵanda 3,9 %ǵa ósti.

Kótere sawda tovar aylanısında eń joqarı kólem kishi isbilermenlik sub'ektlerine tuwrı kelib, 2019 jıl yanvar-fevral ayları dawamında 94,9 mlrd. sumdı qurap, ótken jıldıń usı dáwirine salıstırǵanda 82,4 %dı quradı. Usı sektordıń jámi kótere sawda aylanısındaǵı úlesi 53,4 %dı quramaqta. Bul ko'rsetkish basqa rayonlar menen salıstırǵanda, Beruniy, Qońirat, Qorao`zek, Qanliko`l, Moynaq, Taxtakópir, Ellikqala hám Nókis rayonlarında 100,0%dı quraǵan .



Kótere sawda tovar aylanısınıń quramında iri kárxanalardıń úlesi 46,6 %dı quradı, iri kárxanalardıń kópshiligi Nókis qalası (39,0%), Xojeli (96,8%) hám Tórtkúl (20,4%) rayonlarında gúzetildi.

**Rayonlar kesiminde kótere satıw tovar aylanısı kólemi**

| | **Jámi** (mln.sum) | **Ótken jıldıń usı dáwirine salıstırǵanda, %da** | **Iri kárxanalar** (mln.sum) | **Ótken jıldıń usı dáwirine salıstırǵanda, %da** | **Kishi isbilermenlik** (mln.sum) | **Ótken jıldıń usı dáwirine salıstırǵanda, %da** |
|---|---|---|---|---|---|---|
| **Qaraqalpaqstan Respublikası** | **177 602,2** | **103,9** | **82 733,1** | **148,3** | **94 869,1** | **82,4** |
| *rayonlar:* | | | | | | |
| Ámiwdárya | 1 133,4 | 85,6 | 83,0 | 169,4 | 1 050,3 | 82,4 |
| Beruniy | 7 229,4 | 82,5 | - | - | 7 229,4 | 82,5 |
| Qanlıkól | 1 518,8 | 82,5 | - | - | 1 518,8 | 82,5 |
| Qaraózek | 272,3 | 82,4 | - | - | 272,3 | 82,4 |
| Kegeyli | 68,2 | 79,6 | 0,3 | 10,0 | 67,9 | 82,1 |
| Qońırat | 2 699,7 | 82,2 | - | - | 2 699,7 | 82,4 |
| Moynaq | 94,0 | 82,1 | - | - | 94,0 | 82,1 |
| Nókis | 8 524,0 | 82,1 | - | - | 8 524,0 | 82,1 |
| Taqıyatas | 3 179,6 | 82,6 | 186,1 | 82,6 | 2 993,5 | 82,6 |
| Taxtakópir | 1 229,6 | 82,3 | 0,1 | 1,7 | 1 229,5 | 82,7 |
| Tórtkúl | 5 019,1 | 86,3 | 1 024,7 | 106,3 | 3 994,4 | 82,3 |
| Xojeli | 46 826,9 | 155,6 | 45 325,7 | 160,4 | 1 501,2 | 82,3 |
| Shımbay | 2 305,4 | 94,6 | 293,0 | 137,7 e | 2 012,4 | 82,7 |
| Shomanay | 21,5 | 66,1 | 2,3 | 25,3 | 19,2 | 82,1 |
| Ellikqala | 5 713,3 | 82,2 | - | - | 5 713,3 | 82,2 |
| Nókis q. | 91 767,1 | 97,5 | 35 817,8 | 136,5 | 55 949,3 | 82,4 |

## Rayonlar kesiminde kótere satıw tovar aylanısınıń ótken jıldıń usı dáwirine salıstırǵanda ósim pátleri, (%)




Kótere sawda tovar aylanısında ótken jıldıń usı dáwirine salıstırǵanda eń tómen kórsetkish Shomanay (66,1 %) rayonında gúzetildi.

**Sırtqı ekonomikalıq baylanıslar hám sawda statistikası bólimi**
**Tel.:71-230-82-06**